**Муниципальное казённое общеобразовательное учреждение**
**«Средняя общеобразовательная школа №1 с. п. Псыгансу»**
**Урванского муниципального района КБР**

| Рассмотрено на заседании ШМО учителей филологичекого цикла<br>Протокол № 1 от «29» аавгуста 2024 г.<br>Руководитель ШМО<br>_________М.Х.Хараева | Согласовано с методическим советом.<br>Протокол № 1 от «29» августа 2024<br><br>Руководитель методсовета _________<br>М.Б. Безирова | Утверждено<br>приказом директора от 29 августа 2024г.<br>№ 44 -ОД |
|---|---|---|

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**Родной язык, родная литература**(образовательная область)

**Кабардино-черкесская литератра (родная)**

(наименование учебного предмета, курса)

**Среднее общее образование**

(уровень образования)

**2024-2025 учебный год**

(срок реализации программы)

**2024г.**

**Зыубзыху тхыгъэ**

Епщ1анэ классым адыгэ литературэмк1э и рабочэ программэр зэхэгъэуващ образовательнэ программэр зи лъабжьэ, литературэмк1э авторскэ программэм ипкъ итк1э.

Адыгэ (Къэбэрдей – Шэрджэс) литературэ
5-11-нэ классхэм папщ1э программэ.
Программэр зэхэгъэувэным елэжьащ: Хьэк1уащэ А. Хь., Абазэ А,Ч., Бак1уу Хъ.И.,Гъут 1.М., Ержыб А.Къу., Т1ымыжь Хь.Т.
10-11 нэ классым и программэр игъэхьэзыращ филологие щ1эныгъэхэм я доктор Бак1уу Хъ.И.

Тхылъ зэреджэнур:
**<u>10 класс-</u>** Балэ Л.Ф., Эльбрус, 2014 гъ.
11 класс- ТІымыжь Хъэмыщэ,Балэ Л.Ф., Эльбрус, 2014 гъ.

Псыгуэнсу къуажэ дэт езанэ курыт еджап1эм адыгэ литературэр 10 классым щегъэджыным тхьэмахуэм сыхьэтит1 хухех.Гъэ еджэгъуэм хухэхащ сыхьэт бжыгъэу - 70, 11 классым щегъэджыным тхьэмахуэм сыхьэтит1 хухех. Гъэ еджэгъуэм хухэхащ сыхьэт бжыгъэу - 68.

**ЕджакІуэхэм я щІэныгъэмрэ я**
**есэныгъэмрэ нэхьыщхьэу къыхуагъэувхэр**

**ЕджакІуэхэм ящІэн хуейщ:**

Тхак1уэхэм я гъащІэмрэ я литературнэ лэжъыгъэмрэ теухуа 1уэхугъуэ нэхъыщхьэхэр, абыхэм я творческэ зэф1эк1ым и лъэхъэнэхэр; адрей тхак1уэхэмрэ усак1уэхэмрэя гъащ1эмрэ я литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа 1уэхугъуэ нэхъыщхьэхэр;
- литературнэ тхыгъэ яджым къыхэщ (къыщыгъэлъэгъуа) зэманым и щытык1э, и къэхъукъащ1энэхъыщхьэхэр;
- яджа художественнэ тхыгъэхэм я сюжетыр, я ухуэк1эр, образхэм я къызэгъэпэщык1эр;
- тхак1уэм (усак1уэм) и тхэк1эм (стилым) хэлъ щытык1э нэхъыщхьэр;
- художественнэ образым, литературнэ хьэл – щэным, литературэм и ф1агъымрэ и 1еягъымрэ, критическэ реализмэм, социалистическэ реализмэм, тхак1уэм и стилым теухуа гуры1уэгъуэхэр;
- литературэм и родхэмрэ и жанрхэмрэ, адыгэ усэм и гъэпсык1эр, ар нэхъ зэратх хабзэ щапхъэхэр;
- гук1э зрагъэщ1эн хуейуэ программэм къыщыгъэлъэгъуа художественнэ тхыгъэхэмрэ пычыгъуэхэмрэ.

**ЕджакІуэхэм яхузэф1эк1ын хуейщ:**

- тхак1уэхэм е усак1уэхэм я тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуа теплъэгъуэхэр,1уэхугъуэ щхьэхуэхэр я нэгу къыщ1агъэувэжыныр;
- литературнэ тхыгъэм и идейно – художественнэ щытык1эркъэхутэнымк1э (къэгъэлъэгъуэнымк1э), изобразительно – выразительнэ 1эмалхэмрэ сюжетым, тхыгъэм и ухуэк1эм хэт образхэм я къалэн нэхъыщхьэхэр гъэбелджылыныр;
- художественнэ тхыгъэр зыщыщ литературнэ л1эужьыгъуэркъэхутэныр (эпос,лирика,

драма);
тхыгъэм и къалэн нэхъыщхьэр гъэбелджылыныр;
изобразительно – выразительнэ 1эмалхэм, сюжетым, тхыгъэм и ухуэк1эм, абы хэт образхэм ягъэзащ1э идейно – художественнэ къалэныр гъэбелджылыныр; - художественнэ тхыгъэм хэт литературнэ л1ыхъужьыр сыт и лъэныкъуэк1и къэгъэлъэгъуэныр ик1и зы тхыгъэм хэт персонажыр е тхыгъэ зыбжанэм хэтхэр зэгъэпщэныр;
- усэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр (абы и размерыр, рифмэр, строфар, н.) къэхутэфыныр;
- тхыгъэ къызэджам хуа1а щытык1эр, ар къазэращыхъуар къемыхьэлъэк1ыу сыт щыгъуи къа1уэтэныр;
- художественнэ тхыгъэхэм гъэхуауэ, шэрыуэу къеджэныр;
- жьэры1уатэу ик1и тхыгъэк1и къа1уэтэнум и план зэхэлъхьэныр;
- тхыгъэ яджым ипкъ итк1э сочиненэ – рассужденэ проблемнэ щытык1э и1эу тхыныр;
- литературнэ ик1и публицистическэ темэм теухуа сочиненэ – рассужденэ къызэгъэпэщыныр;
- литературнэ темэ гуэрым теухуа доклад е реферат гъэхьэзырыныр;
- езыр – езыру къызэджа тхылъым е тхыгъэм, зэплъа кинофольмым, телевизионнэ къэтыныгъэм, спектаклым, сурэтым,музыкалбнэ произведенэм теухуа рецензэ тхыныр.

**Личностнэ** ехъул1эныгъэхэр:
1. Дахагъэмрэ бзэм и къулеягъэмрэ зыхащ1эн, я бзэм зегъэужьын.
2. Хэкур ф1ыуэ лъагъун, абы и тхыдэр, хабзэр зэгъэщ1эн.
3. Еджэным, литературэм дихьэхын.
4. Зэджа художественнэ тхыгъэм хэлъ унэт1ыныгъэ тэмэмыр къыхэхын.
5. Адрей лъэпкъхэя я культурэм пщ1э хуэщ1ын.

А ехъул1эныгъэхэм улъэ1эсынымк1э сэбэп хъунущ тхылъым ит текстхэр, 1упщ1эхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ, проблемнэ егъэджэк1эр, н.гъу.

**Метапредметнэ** есэныгъэхэм хохьэ УУД-р
**Регулятивнэ УУД:**
1. Езыр-езыру урокым и темэмрэ мурадымрэ къихутэфмэ.
2. Езыр- езыру мурадым лъэ1эсыфмэ.
3. План зэхилъхьэрэ абы тету лэжьэфмэ, и лэжьыгъэр зэригъэзэхуэфмэ.
4. Егъэджак1уэм щ1ыгъуу и жэуапыр къызэпкърихыфмэ, езым оценкэ зыхуигъэувыжыфмэ.

**Познавательнэ УУД:**
1. Езыр – езыру сыт хуэдэ текст л1эужьыгъуэми къеджэфу, и мыхьэнэ нэхъыщхьэр къигъуэтыфу.
2. Зэджа тхыгъэхэр щызэпкърахк1э хэлэжьыхьыфу, нэгъуэщ1хэм я гупсысэк1эр къыгуры1уэу, езым и 1уэху бгъэдыхьэк1э и1эжу.

3. Текст информацэ нэхъыщхьэр къыхихыфу.

4. Зэджар нэгъуэщ1 формэ ищ1ын (план, таблицэ, схемэ зэхилъхьэу).

5. Зэджам тепсэлъыхьыжын.

6. Псалъалъэхэмк1э, справочникхэмк1э лэжьэн.

7. Анализ ищ1у, егупсысауэ зэпкърихыфу есэн.

**Коммуникативнэ УУД:**

1. Езым и 1уэху бгъэдыхьэк1э и1эжу утыкум къыщыпсэлъэфу, адрейхэм я 1уэху еплъык1э зэпкърихыфу.

2. Еплъык1э зэхуэмыдэхэм зэригъэпщэфу, ит1анэ пэжыр къыхихыфу.

3. Упщ1э итыфу, абы и жэуапыр нэгъуэщ1хэм ящ1ыгъуу къилъыхъуэфу.

4. Нэгъуэщ1ым и лэжьыгъэр къипщытэфу.

5. И гупсысэхэр жьэры1уатэуи тхыгъэк1и щыуагъэншэу зэгъэк1уауэ къи1уэтэфу.

6. Утыкум жьак1уэу къыщыпсэлъэфу.

**Предметнэ есэныгъэхэм хохьэ:**

1. 1уэрыуатэм еджэфу, ар къыгуры1уэу, абы къыщы1эта 1уэхугъухэр нэгъуэщ1ым ирипхыфу (иллюстрацэ, мультипликацэ, художественнэ фильм).

2. Адыгэ лъэпкъым и тхыдэмрэ хабзэмрэ а тхыгъэхэм къыхигъуэтэфу, абыхэмк1э зигъасэу

3. Езыр – езыр зэджэнухэр къигъуэту, еджэу.

4. 1уэры1уатэм и жанр нэхъ ц1ык1ухэр жьэры1уатэбзэми тхыбзэми къыщи1уэтэфу.

5. Гъэхуауэ, зэхэщ1ык1ыгъуэу къеджэфу.

6. Тхыгъэ зэджар зытеухуамрэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ къыгуры1уэу.

7. Езыр – езыру тхыгъэ (текст) ц1ык1ухэр зэхилъхьэфу.

**10-нэ класс** (сыхь. 70)

**Адыгэ литературэр Хэку зауэшхуэм и зэманымрэ зауэ нэужь илъэсхэмрэ** (1 сыхь.).

Хэку зауэшхуэм и зэманым адыгэ литературэм игъэзэщIа къалэныр, иIа мыхьэнэр. Сыт хуэдэ гугъуехьми къыпимыкIуэту ди цIыхухэм зэрахьа лIыхъужьыгъэм, лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм теухуа темэхэр адыгэ литературэм къызэрыхэщыр.

Хэкур хъумэным, бийм удын гуащIэ едзыным къыхуезыджэ тхыгъэхэр (ЩоджэнцIыкIу А. и усэхэр, Беъул Б. и усэхэр щызэхуэхьэса «Дэ дытекIуэнщ» тхылъыр). Шортэн А. и пьесэхэм – «Луизэ», «Танкистищ» – фашизмэм къихь щIэпхъаджагъэмрэ абы иращIэкI бэнэныгъэ гуащIэмрэ къызэрыхэщыр. Хэку зауэшхуэм теухуауэ ХьэхъупащIэ А. зэхилъхьа усэхэмрэ уэрэдхэмрэ.

Зауэм и бийуэ, Хэкум къыщхьэщыжыным къыхуриджэу КIыщокъуэ А. итха усэхэр, «Адэ» поэмэр. Теунэ Хь. и «ЗэхэгъэкIыныгъэ» пьесэр, Гъуэщокъуэ Хъу. и «Зауэшхуэм иужькIэ» поэмэр. Тхыгъэхэм къаIуатэ гупсысэхэр, я ухуэкIэр. Адыгэ литературэр псэзэпылъхьэпIэ зэманым пэжыгъэм и Iэщэ лъэщу зэрыщытар.

Зауэ нэужь илъэсхэм адыгэ литературэм и зыужьыкIамрэ ар нэхъ зытеухуауэ щыта, къигъэлъэгъуа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэмрэ.

**Адыгэ литературэр 1956–1990 гъэхэм** (сыхь. 1)

50 – 60 гъэхэм литературэ жанр псоми я зыужьыкIэр Къэбэрдейми, Шэрджэсми нэхъ зэхуэдэ щыхъуу зэрыщIидзэр. КIыщокъуэ А., КIэрашэ Т., Шортэн А., Теунэ Хь., Уэхъутэ А., ЩоджэнцIыкIу I. сымэ я фIыщIэкIэ адыгэ прозэр къэралпсо утыку зэрихьар.

Адыгэ усыгъэм Хэкум, цIыхугъэм, гущабагъэм, хьэлэлыгъэм, зэныбжьэгъуныгъэм теухуа темэхэр зэригъэнэхъапэр. Къэралым, жылагъуэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм, къыщыхъу Iуэхугъуэшхуэхэм ар зэрыпэджэжыр.

А лъэхъэнэм адыгэ литературэм, литературэ щIэныгъэм, критикэм зарызаужьа щIыкIэр. «Къэбэрдейм и литературэмрэ и тхакIуэмрэ» (Теунэ Хь.И.), «Къэбэрдей литературэм и тхыдэм теухуа очеркхэр» (щIэныгъэлI гуп) лэжьыгъэхэр лъэпкъ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ щхьэпэ зэрыхуэхъуар.

Адыгэ литературэ щIэныгъэм, критикэм зиужьынымкIэ Нало Заур, Сокъур Мусэрбий, ХьэкIуащэ Андрей, Бэчыжь Лейла, БакIуу Хъанджэрий, Гъут Iэдэм, Хъупсырокъуэ Хъызыр, КIурашын БетIал, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, Къэжэр Хьэмид, Тхьэгъэзит Зубер, Тхьэгъэзит Юрэ, Шэвлокъуэ Пётр, IутIыж Борис, ТIымыжь Хьэмыщэ, Абазэ Албэч, Бакъ Зерэ сымэ, нэгъуэщIхэми зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэр.

Ди щIэныгъэлIхэм я IэдакъэщIэкIыу иужьрей илъэсхэм дунейм къытехьа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр. Адыгэ литературэм зиужьынымкIэ абыхэм къахь сэбэпынагъыр.

Адыгэ литературэм нобэ иIэ хъуа щытыкIэр, игъуэта зыужьыныгъэр, лъэпкъыбэу зэхэт къэрал литературэм абы щиубыд увыпIэр.

**КIыщокъуэ А. П.** (сыхь. 13)

И гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ.
УсакIуэр литературэм къыщыхыхьа зэманыр, абы къикIуа гъуэгуанэр.
КIыщокъуэ А.П. и усэхэр цIыхубэм и гъащIэр, и хьэл-щэнхэр, и гурыгъу-гурыщIэхэр къэгъэлъэгъуэным теухуауэ зэрыщытыр. Абы и усэхэм ди литературэм щаубыд увыпIэр.
КIыщокъуэм и творчествэ гъуэгуанэм и лъэхъэнэхэр, и япэ усэ тхылъхэр. УсакIуэм и зыужьыныгъэр езым и дуней лъагъукIэ щхьэхуэм, и гъащIэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхауэ зэрыщытыр. И усэхэм абы къыщигъуэт образхэм я хьэлэмэтагъыр, я къарур, цIыхур зэрагъэиныр, зэрагъэлъапIэр.
**«СыкIуэнт нэхъ псынщIэу», «Насып», «Хыр си шакъалъэу», «Уузыншэм!» – сэ жызоIэ»** (нэгъуэщI усэхэри ядыщIыбгъу хъунущ) усэхэр. КIыщокъуэ Алим и граждан лирикэр езы усакIуэм и гупсысэхэм, лъэпкъым и Iуэху еплъыкIэхэм зэрепхар. КIыщокъуэм и лирикэм езым и дамыгъэ зэрытелъыр, и усэхэм насыпыр, пэжыгъэр, лIыгъэр къызэрыщыгъэлъэгъуа образхэр. ЩIалэгъуэм и хъуэпсапIэ лъагэхэм, хахуагъэ мылъытэм, ерыщагъ къимыкIуэтым, цIыхум дунеймрэ гъащIэмрэ хуиIэ фIылъагъуныгъэ IэфIым я пшыналъэ гъуэзэджэу усэхэр зэрыщытыр.

Адыгэ лъахэм, лIыгъэм, хабзэ-нэмысым теухуа усэхэр. **«Кхъужьей къудамэ», «Iуащхьэмахуэ», «Адыгэ Хэку», «Зеич лантIэ»** усэхэм къаIуатэ гупсысэхэмрэ абыхэм япкърылъ гъэсэныгъэ-ущиинығъэ мыхьэнэмрэ.

Хэку зауэшхуэм теухуа усэхэр: **«ЗэкъуэшитI», «Телъхьэ уанэр си шым», «Сэлэт шырыкъу», «Сэлэт сэлам»**. Ди цIыхухэм яку дэлъ зэкъуэтыныгъэр, абыхэм я зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ Хэку зауэшхуэм наIуэ къызэрыщыхъуар усэхэм къызэрыхэщыжыр. Ди сэлэтым и образыр, ар хэкупсэу къызэригъэлъагъуэ Iэмалхэр.

Бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэ. Сочиненэ

Лэжьыгъэм теухуа усэхэр: **«КъебжэкI», «А пщыхьэщхьэм бжьыхьэ пшагъуэу», «МакIуэ щIалэр ауз гъуэгукIэ», «Мэл гуартэ».**

Лэжьыгъэм хэт цIыхухэм яку дэлъ зэрыIыгъыныгъэр усэхэм къыщыгъэлъэгъуа зэрыхъуар. ЦIыху зырызхэм зы мурадым хуэунэтIа я къару зэхэдзэр цIыхубэ къару лъэщу зэрыхъур усэхэм къазэрыхэщыр.

КIыщокъуэ А. П. и лирикэм иIэ щытыкIэ нэхъыщхьэхэр, абы адрей ди усакIуэхэм ейм къыщхьэщызыгъэкIыу хэлъыр.

КIыщокъуэ Алим и **поэмэхэр.** Ахэр зытеухуа Iуэхугъуэхэмрэ абыхэм я гупсысэ нэхъыщхьэхэмрэ. Поэмэхэм я ухуэкIэмрэ ахэр зэрытха бзэм иIэ щытыкIэмрэ. Поэмэхэм хэт литературэ лIыхъужьхэм я гъащIэмрэ я IуэхущIафэхэмрэ тхыгъэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуа щIыкIэр, абыхэм япкърылъ гъэсэныгъэ-ущиинығъэм гъащIэм мыхьэнэуэ щиIэр.

КIыщокъуэм и **прозэр.** Ар зытеухуар, зэрыухуа щIыкIэр, абыхэм къыщыIэта гупсысэ нэхъыщхьэхмэрэ япкърылъ гъэсэныгъэ-ущиинығъэм цIыху гъащIэм щаIэ мыхьэнэмрэ. КIыщокъуэм и прозэм адыгэ литературэм щиубыд увыпIэр, абы къэралым къыхуищIа пщIэр.

**«Хъуэпсэгъуэ нур», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ»** роман-дилогиер зытепсэлъыхь Iуэхугъуэр къыщыхъуа зэманымрэ щIыпIэмрэ. Романхэм къаIуатэ Iуэхугъуэхэр зэрыухуа щIыкIэхэр. Революцэр цIыхубэм хэпщIа зыщIа гупсысэхэр романхэм я темэ нэхъыщхьэ щIэхъуар, ар тхакIуэм къызэригъэлъагъуэ гъащIэ теплъэгъуэхэр.

Мэремкъан Иналрэ Мэтхъэн Къазджэрийрэ я Iуэху еплъыкIэкIэ зэпэщIэту, зэныкъуэкъуу романхэм къызэрыщыкIуэр. Мэремкъан Инал и образыр. Мэтхъэн Къазджэрий и образыр.

Романхэм хэт адрей персонажхэр. Ботэщ Астемыр и образыр. Елдар и образыр. Астемыррэ Елдаррэ дэтхэнэ цIыхуми иIэн хуей хуитыныгъэхэм зэрыщIэбэныр. ГъукIэ лIыжь Бот и образыр. Ар цIыхубэ гъащIэм нагъыщэ хуэхъуу зэрыщытыр.

Тхыгъэхэм я художественнэ гъэпсыкIэр, я бзэр. Бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэ. Сочиненэ.

**Къашыргъэ Хь.Хь.**

И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

ТхакIуэм адыгэ литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэр, и бзэм къыхэзыгъэщхьэхукIыу хэлъыр. ТхакIуэм и прозэ тхыгъэхэр зытеухуа Iуэхугъуэхэмрэ абыхэм къаIуатэ гупсысэ нэхъыщхьэхэмрэ, ахэр гъащIэм пыщIауэ зэрыщытыр.

**«Насыпым и хэкIыпIэ»** романыр. Зауэм и лъэужьхэр гъэкIуэдыжыным, цIыхухэм я псэукIэр къэIэтыжыным теухуауэ адыгэ къуажэм щекIуэкIа лэжьыгъэхэр романым темэ нэхъыщхьэ зэрыхуэхъуар. Iуэху зехьэкIэ зэкIэлъымыкIуэм, лэжьапщIэ мащIэм, цIыху щхьэхуещэхэм, Iэпэлъэпашхэхэм, къинэмыщIхэми ар къызэралъахъэр тхыгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. МыхъумыщIагъэмрэ хабзэншагъэмрэ пэуву лэжьыгъэр зэтезыублэжа цIыху пэрытхэр: Мурат, Батий, Зинэ, Лолэ, Мусэ сымэ я образхэр.

Тхыгъэм дызыщрихьэлIэ гурымыхь образхэр: ХьэматI, Хьэшыр хуэдэхэм зэрахьэ Iуэху мыхъумыщIэхэр романым къызэрыщыгъэлъэгъуар.
Романым и гупсысэ нэхъыщхьэр, абы и ухуэкIэр, и бзэр. Тхыгъэм ди нобэрей гъащIэм щиIэ мыхьэнэр.

**Шортэн А.ТI.** (сыхь.8)

И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
Шортэным и драматургиер. «Нэхур къыщыщIэнэм щыгъуэ», «ИгъащIэкIэ», «Зы унагъуэ гуэрым», «Мэлыжьыфэм кIэрыщIахэр» пьесэхэр зытеухуа Iуэхугъуэхэмрэ абыхэм къыщыIэта гупсысэ нэхъыщхьэхэмрэ. Абыхэм ягъэзащIэ къалэнхэр.
Адыгэ драматургием зегъэужьыным Шортэн Аскэрбий хуищIа хэлъхьэныгъэр. Ар ди драматург нэхъыжьхэм икIи нэхъыфIхэм ящыщ зыщ. Абы и япэ пьесэ «Батыр и къуажэ» жыхуиIэр «А махуэхэм щыгъуэ», «Партым и лIыкIуэ» драмэхэм лъабжьэ яхуэхъуу, пьесищри зытеухуар зы Iуэхугъуэу, «Мурат» спектаклыр абы къытращIыкIыжауэ зэрыщытыр. **«Мурат»** пьесэр зытеухуамрэ абы къиIуатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Пьесэм и ухуэкIэмрэ къиIуатэ Iуэхугъуэхэр зэрызэкIэлъыхьа щытыкIэмрэ.
«Мурат» лIыхъужьыгъэ драмэм и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс щекIуэкI зэпэщIэувэныгъэр (конфликтыр) Шортэным гъуэзэджэу къигъуэта икIи къехъулIа Iуэхугъуэу зэрыщытыр. ЛIыхъужьыгъэкIэ гъэпса мы драмэр Шортэным и драмэ тхыгъэ нэхъыфIу, адыгэ драматургием и фIыпIэу къызэрылъытапхъэр. Пьесэм хэт образ нэхъыщхьэхэр, ахэр зэфIэгъэува зэрыхъуа щIыкIэр.
Шортэн Аскэрбий и очеркхэмрэ рассказхэмрэ къаIуатэ гупсысэ нэхъыщхьэхэр, абыхэм гъащIэр къызэрыщыгъэлъэгъуа щIыкIэр. **«Псэемыблэжхэм я нып», «Атакэ нэужьым», «Балъкъ и деж», «ЛIыгъэм и вагъуэ»** рассказхэр лIыхъужьыгъэм, цIыхугъэм, зэныбжьэгъуныгъэм, лэжьыгъэм, хабзэ-нэмысым, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми зэрепхар.
Шортэным и ауаныщI рассказхэм я мыхьэнэр, абыхэм я гъэпсыкIэр, тхакIуэм къигъэсэбэп жыIэгъуэхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ.
**«Бгырысхэр»** роман-тетралогиер. Ар лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ жылагъуэ-тхыдэ Iуэхугъуэхэм теухуауэ зэрыщытыр. Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ я зэкъуэтыныгъэм и мыхьэнэр романым къызэрыщыгъэлъэгъуар. Адыгэ щэнхабзэм зиужьынымкIэ урыс щэнхабзэм и мыхьэнэр къэгъэлъагъуа зэрыхъуар. Нэгумэ Шорэрэ Степан Солнцевымрэ я образхэр. Романым хэт адей персонажхэр (Бот, Бэтокъуэ, Дэбэч, н.). Тхыдэм зи цIэр къыхэна цIыхухэм я образхэр; Ермоловым и образым тхакIуэм кIэрилъхьа егъэлееныгъэхэр блэкIа зэманым и идеологием зэриIэужьыр.
Романым и художественнэ гъэпсыкIэр, и бзэр.
Бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэ. Сочиненэ.

**ЩоджэнцIыкIу I.У.** (сыхь. 5)

И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и усэхэр цIыхугъэмрэ мамырыгъэмрэ, къуэшыгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ, лэжьыгъэмрэ цIыху пэрытхэр гъэлъэпIэнымрэ теухуауэ зэрыщытыр. **«Анэдэлъхубзэ», «Анэм и гур», «ГурыщIэ нэху», «Бэшэч», «ГъащIэм и мафIэ», «Iуащхьэмахуэ», «Сонет»** (нэгъуэщI усэхэри ядыщIыбгъу хъунущ) усэхэр. УсакIуэм и тхыгъэ нэхъыфIхэм я гупсысэ нэхъыщхьэхэр къызэрыгъэлъэгъуа художественнэ Iэмалхэр.
ЩоджэнцIыкIум и прозэр зытеухуа Iуэхугъуэхэр, абыхэм лъэхъэнэм и дамыгъэхэр къазэрытещыр.

**«Софят и гъатхэ»** повестыр. Мы тхыгъэм и сюжетыр адыгэ литературэм и темэщIэу зэрыщытыр. И лъэхъэнэгъум и хьэл-щэн нэхъыщхьэхэмрэ и IуэхущIафэхэмрэ повестым къызэрыщыгъэлъэгъуар. ЦIыхухэм я зэхэщIыкIым щIэмрэ жьымрэ зэрыщызэныкъуэкъур. Софят и образыр. Мурид и образыр. Къуажэ унафэщI нэсым и образыр Хьэжпагуэ и IуэхущIафэхэмкIэ къэгъэлъэгъуа зэрыхъур.
Повестым и композицэр, бзэм и къулеягъыр.
**Къардэн Б.М.** (сыхь. 3)
И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
Къардэным и повестхэмрэ и рассказхэмрэ.
**«Сэлэтым и гъуэгуанэ»** повестыр зытеухуамрэ абы къиIуатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Тхыгъэм и сюжетымрэ и гъэпсыкIэмрэ. Зауэ гъуэгуанэ хьэлъэр зэпызыча ди зауэлIхэм я образхэр повестым къызэрыщыгъэлъэгъуар.
Повестым и ухуэкIэмрэ ар зэрытха бзэм иIэ щытыкIэмрэ.
Бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэ. Сочиненэ.

**Кхъуэхъу Ц.М.** (сыхь. 2)
И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. ТхакIуэр шэрджэс литературэм къыщыхыхьа зэманыр, абы хуищIа хьэлъхьэныгъэр, щиубыд увыпIэр.
**«КIасэу щIегъуэжащ», «Уэри жьы ухъунущ, Хьалид», «Дыгъужьыхуэ»** (нэгъуэщI тхыгъэхэмкIи зэпхъуэкI хъунущ) рассказхэр зытеухуар, абыхэм къаIуатэ Iуэхугъуэхэм яIэ зэкIэлъыхьыкIэр. Тхыгъэхэм къаIатэ гупсысэ нэхъыщхьэхэм ди гъащIэм щаIэ мыхьэнэр.
Рассказхэм хэт персонажхэр, ахэр къызэрыгъэлъэгъуа Iэмалхэр.

**КIэрэф М.Ж.** (сыхь. 5)
И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
КIэрэфым и прозэ тхыгъэхэр.
**«Адэ щIэин мылъку хъурэ?»** (нэгъуэщI тхыгъэкIи зэпхъуэкI хъунущ) повестыр зытеухуамрэ абыхэм къиIуатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Повестым хэт лIыхъужьхэм я хьэл-щэнхэмрэ я IуэхущIафэхэмрэ къызэрыгъэлъэгъуар. Образхэр къэгъэщIынымкIэ адыгэбзэм и къулеягъыр тхакIуэм IэкIуэлъакIуэу къызэригъэсэбэпар. ТхакIуэр цIыхухэм я зэхущытыкIэм щытепсэлъыхькIэ, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ яубыд увыпIэр.
Повестым и ухуэкIэр, зэрытха бзэр.
КIэрэф М.Ж. и прозэр адыгэ литературэм и хэлъхьэныгъэ щхьэпэу зэрыщытыр.

**КIуащ Б. И.** (сыхь. 5)
И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
КIуащым и усэхэм къахэIукI макъамэ нэхъыщхьэр. Хэкум, лъэпкъым, лъахэм теухуа усэхэр. КIуащым и тхыгъэхэм лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъуныгъэр, къуэшыгъэр къызэрыщыгъэлъэгъуар. УсакIуэм адыгэ усыгъэм щIэуэ хилъхьахэр.
**«Уэр мыхъуам, сыбгъэ дамэншэт», «Сыт сызыщышынэр?», «Индыл», «Си Хэку», «Си псыхъуэгуащэ», «СфIэфIкъым, хуейми ирепсэу»** (нэгъуэщI усэхэри ядыщIыбгъу хъунущ) усэхэр.
Хэкум хуиIэ лъагъуныгъэр къызэригъэлъагъуэ художественнэ Iэмалхэр, инверсиер къызэригъэсэбэпыр, эпитет щIэщыгъуэхэр, зэгъэпщэныгъэхэр, рифмэ зэпэщхэр.
УсакIуэм и поэмэхэр. **«Нэху»** поэмэр. Адыгэ бзылъхугъэм и гъащIэм щыщ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр поэмэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. Революцэм ипэкIэ адыгэ къуажэм дэлъа щIэныгъэншагъэр тхыгъэм къызэрыхэщыжыр. Нэху и щхьэгъусэм кIэлъызэрахьа лейр усак уэм къызэриIуатэ Iэмалхэр.

Поэмэм и бзэм и шэрыуагъыр, и ухуэкIэр.

**Акъсырэ З.А.** (сыхь. 4)

И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Акъсырэм и драмэ тхыгъэхэр зытеухуахэмрэ абыхэм къаIуатэ гупсысэ нэхъыщхьэхэмрэ.

**«Дахэнагъуэ»** пьесэр лъэпкъ драматургием и нэхъыфIхэм щыщ зыуэ зэрыщытыр. Адыгэ IуэрыIуатэм пьесэр зэрепхар. Пьесэм и гупсысэ нэхъыщхьэр наIуэ щIынымкIэ IуэрыIуатэмрэ адыгэ мифологиемрэ Iэзэу къызэригъэсэбэпар. И щхьэ закъуэ насыпым щIэбэным и мурадыр къызэремыхъулIэр, зы цIыхум и насыпымрэ цIыхубэм я насыпымрэ зэгуэпх зэрымыхъунур, цIыхур щхьэхуит хъун папщIэ, цIыхубэри щхьэхуит хъун зэрыхуейр пьесэм гупсысэ нэхъыщхьэ зэрыхуэхъур. Джэримэс, Дахэнагъуэ, Чэзибан сымэ я образхэр.

**Нало А. Хь.** (сыхь. 4)

И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Налом и повестхэмрэ и рассказхэмрэ. Ахэр зытеухуамрэ тхыгъэхэм къаIуатэ гурыщIэхэмрэ. Тхыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъухэр гъащIэм щекIуэкI Iуэхугъуэу зэрыщытыр.

Налом и прозэм, псом хуэмыдэу и рассказхэм, щытыкIэ нэхъыщхьэу яIэр. **«Псыхьэнанэ»** рассказыр, абы къиIуатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ къыпкърыкI гъэсэныгъэ-ущиинығъэ къарумрэ. Тхыгъэм и бзэр.

**«Нэхущ шу»** романыр. Ар 1904–1905 гъэхэм екIуэкIа урыс-япон зауэм теухуауэ зэрыщытыр. КIэрэф Залымджэрий, Анзор Къербэч, абыхэм я ныбжьэгъу шэшэн щIалэ Тэсмэхьил сымэ бгырысхэм я лIыкIуэу, узэщIакIуэу, уэчылу, къыщхьэщыжакIуэу романым къызэрыщыгъэлъэгъуар. Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуныгъэр тхыгъэм къызэрыхэщыр.

Романым и ухуэкIэр, ар зэрытха бзэр.

Бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэ. Сочиненэ.

**Хьэнфэн А. М.** (сыхь. 3)

И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Адыгэ сабий литературэм зиужьыным Хьэнфэным хуищIа хэлъхьэныгъэр. Хьэнфэным и сабий усэхэр.

**«Си щIыналъэ», «ЦIыхугъэ», «Губгъуэм и дыгъэ», «ЩIы-анэ»** (нэгъуэщI усэхэмкIи зэпхъуэкI хъунущ) усэхэр, абыхэм яIэ гъэсэныгъэ мыхьэнэр.

**«Адыгэ нэмыс»** усэр уэрэд зыщIа гупсысэ нэхъыщхьэр. Адыгэ нэмысыр, лъэпкъым и хьэл-щэн нэхъыфIхэр усэм къыщыгъэлъэгъуа зэрыхъуар.

Хьэнфэн Алим шэрджэс лирик нэхъыфIхэм зэращыщыр. Абы и усэхэм темэ нэхъыщхьэу хэкур, жылагъуэ Iуэхухэр, лэжьыгъэр, лъагъуныгъэр, зауэмрэ мамырыгъэмрэ зэрыщытыр.

**ХьэхъупащIэ Хь.Хь.** (сыхь. 4)

И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

ХьэхъупащIэр адыгэ литературэм къыщыхыхьа зэманыр, къызэрыхыхьэ щIыкIэр, абы хуищIа хэлъхьэныгъэр. ТхакIуэм и литературэ лэжьыгъэм игъуэта зыужьыныгъэр.

ХьхъупащIэ Хь.Хь. и повестхэмрэ и рассказхэмрэ.

**«Гъуэгу зэхэкIыпIэ»** повестыр зытеухуамрэ абы къиIуатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ гъащIэм щаIэ мыхьэнэр. Повестым хэт лIыхъужь нэхъыщхьэхэм я гъащIэмрэ я IуэхущIафэхэмрэ къызэрыгъэлъэгъуа щIыкIэр.

Тхыгъэм и ухуэкIэмрэ и сюжетымрэ. Повестым и бзэр, ар шэрыуэ, гурыхь зыщI Iуэхугъуэхэр.

**Балъкъэр Ф.Гъу.** (сыхь. 3)

И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

УсакIуэм тхэн щыщIидзар, и япэ тхыгъэхэр къыщытрадзар, и япэ тхылъыр дунейм къыщытехьар, иужькIэ абы къыкIэлъыкIуахэр.

Балъкъэр Фоусэт и лирикэр.

**«Гъатхэ жэщхэм умыжей», «Кхъужьейхэр», «Мы жэщ кIыхьым зы гупсысэ»** (нэгъуэщIхэри ядыщIыбгъу хъунущ) усэхэр зытеухуамрэ абыхэм къаIуатэ гупсысэ нэхъыщхьэхэмрэ. Усэхэм я гъэпсыкIэмрэ сюжетхэм яIэ щытыкIэхэмрэ. Усэхэм я бзэр, къаIуатэ Iуэхугъуэхэм я гурыхьагъыр, мыхьэнэуэ яIэр.

**Тыуаршы А.У.** (сыхь. 3)

И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Тыуаршы Аслъэн и прозэр.

**«Нобэ, е зэикI»** романыр зытеухуамрэ абы къиIуатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Тхыгъэм хэт лIыхъужьхэм я гъащIэмрэ я IуэхущIафэхэмрэ, я хьэл-щэнхэмрэ я гурыгъу-гурыщIэхэмрэ, я цIыхугъэмрэ я хабзэ-нэмысымрэ къэгъэлъэгъуа зэрыхъуа щIыкIэр.

Романыр зэрытха бзэр, персонажхэм я псэлъэкIэр.

**Гъэ псом яджар къегъэпщытэжын** (сыхь. 3).

**Тематическэ план**

| № | Разделхэр | сыхь | сочиненэ |
|---|---|---|---|
| 1. | Адыгэ литературэ | 1 | |
| 2. | К1ыщокъуэ А. | 13 | 1 |
| 3. | Шортэн А. | 10 | |
| 4. | К1уащ Б. | 2 | |
| 5. | Япэ илъэс ныкъуэм яджамк1э урок-зачет | 1 | |
| 6. | Нало А. | 5 | |
| 7. | Хьэнфэн А. | 1 | |
| 8. | Къэрдэн Б. | 5 | |
| 9. | Къашыргъэ Хь. | 5 | |
| 10. | Щоджэнц1ык1у I. | 4 | |
| 11. | К1эрэф М. | 6 | |
| 12. | Тыуаршэ А. | 3 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 13. | Балъкъэр Ф. | 1 | |
| 14. | Кхъуэхъу Ц. | 4 | |
| 15. | Хьэхъупащ1э Хь. | 5 | |
| 16 | Илъэсым яджамк1э урок-зачет | 1 | |
| 17 | Къэпщытэжыныгъэ | 3 | |
| | Псори | 70 | |

**10 класс** **Календарно-тематическэ план**

| № | **Разделхэр,темэхэр** | **Щек1уэк1ыпхъэ зэманыр** | **Щек1уэк1а зэманыр** |
|---|---|---|---|
| **Адыгэ литературэ** | | | |
| 1 | Адыгэ литературэр Хэку зауэшхуэм и зэманымрэ зауэ нэужь лъэхъэнэмрэ. Иджырей адыгэ литературэр 1950-1980гъэхэм. | | |
| **К1ыщокъуэ Алим** | | | |
| 2 | **К1ыщокъуэ Алим** и гъащ1эмрэ и литературнэлэжьыгъэмрэ | | |
| 3 | К1ыщокъуэ Алим и усыгъэм теухуа обзор. Философскэ усэхэр. Усэ гук1э. | | |
| 4 | Лъахэм, л1ыгъэм, адыгагъэм теухуа усэхэр. Хэку зауэшхуэм теухуа усэхэр. Усэ гук1э. | | |
| 5 | Лэжьыгъэм теухуа усэхэр .Риторическэ упщ1э, риторическэ зыхуэгъэзэныгъэ | | |
| 6 | Классым щ1эмысу зэджамк1э урок. К1ыщокъуэ Алим «Нал къута» романыр | | |
| 7 | **Сочиненэ тхыным хуэгъэхьэзырын** | | |
| 8 | **Б.З.Л. Сочиненэ «Со1этыр усэр сэ 1эщэу»** | | |
| 9 | К1ыщокъуэ Алим и прозэм теухуа обзор | | |
| 10 | «Лъапсэ» романым и темэр, идеер | | |
| 11 | Романым и сюжетыр. | | |
| 12 | Дэфэрэдж анэшхуэм и образыр. Дэфэрэдж Шагировнэ и образыр. | | |
| 13 | Романым къыхэщ гурыхь,гурымыхь образхэр. | | |
| 14 | Романым и художественнэ гъэпсык1эр, зэрытха бзэр | | |
| 15 | К1ыщокъуэ А. и творчествэмк1э урок-зачет | | |
| **Шортэн Аскэрбий** | | | |
| 16 | **Шортэн Аскэрбий** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | | |
| 17 | «Бгырысхэр» романым и темэр, идеер | | |
| 18 | Шорэ и образыр | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 19 | Степан Ильич и образыр | | |
| 20 | Пщыл1хэм я образхэр | | |
| 21 | Романым и художественнэ гъэпсык1эр, зэрытха бзэр | | |
| 22 | «Мурат» пьесэм и темэр, идеер | | |
| 23 | Пьесэм хэт образ нэхъыщхьэхэр. Пьесэм и художественнэ гъэпсык1эр, зэрытха бзэр. | | |
| 24 | **Сочиненэ тхыным хуэгъэхьэзырын** | | |
| 25 | **Б.З.Л. Сочиненэ «Шорэ и образыр»** | | |
| 26 | Классым щ1эмысу зэджамк1э урок | | |
| **К1уащ Бет1ал** | | | |
| 27 | **К1уащ Бет1ал** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. К1уащым и лирикэр Усэ гук1э. | | |
| 28 | «Нэху» поэмэм и темэр, идеер. | | |
| **Нало Ахьмэдхъан** | | | |
| 29 | **Нало Ахьмэдхъан** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | | |
| | | | |
| 30 | «Псыхьэ нанэ» рассказыр | | |
| 31 | «Нэхущ шу» романым и темэмрэ идеемрэ | | |
| 32 | К1эрэф Залымджэрий и образыр | | |
| 33 | Романым и художественнэ гъэпсык1эмрэ зэрытха бзэмрэ | | |
| **Хьэнфэн Алим** | | | |
| 34 | **Хьэнфэн Алим** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. Хьэнфэным и лирикэр. Усэ гук1э | | |
| **Къардэн Бубэ** | | | |
| 35 | **Къардэн Бубэ** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | | |
| 36 | «Сэлэтым и гъуэгуанэ» повестым и темэмрэ идеемрэ | | |
| 37 | Повестым хэт л1ыхъужь нэхъыщхьэхэр | | |
| 38 | **Сочиненэм зыхуэгъэхьэзырын** | | |
| 39 | **Сочиненэ «Хэку зауэшхуэм ди сэлэтхэм щызэрахьа л1ыхъужьыгъэр романым къызэрыхэщыр»** | | |
| **Къашыргъэ Хьэпащ1э** | | | |
| 40 | **Къашыргъэ Хьэпащ1э** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | | |
| 41 | «Насыпым и хэк1ып1э» романным и темэмрэ идеемрэ | | |
| 42 | Мурат и образыр | | |
| 43 | Батий, Зинэ, Лолэ сымэ я образхэр | | |
| 44 | Отрицательнэ персонажхэр. Романым и художественнэ гъэпсык1эр, зэрытха бзэр. | | |
| **Щоджэнц1ык1у 1эдэм** | | | |
| 45 | **Щоджэнц1ык1у 1эдэм** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. Щоджэнц1ык1ум и лирикэр. Усэ | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | гук1э. | | |
| 46 | «Уи ц1эр ф1эсщынщ» повестым и темэр, идеер | | |
| 47 | Повестым хэт образхэр. | | |
| 48 | Повестым и художественнэ гъэпсык1эр, зэрытха бзэр | | |
| **К1эрэф Мухьэмэд** | | | |
| 49 | **К1эрэф Мухьэмэд** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | | |
| 50 | «Адэ щ1эин мылъку хъурэ» повестым и темэр, идеер | | |
| 51 | Повестым хэт образхэр. Повестым и художественнэ гъэпсык1эмрэ зэрытха бзэмрэ. | | |
| 52 | Классщ1ыб еджэныгъэ. | | |
| 53 | **Сочиненэ тхыным хуэгъэхьэзырын** | | |
| | | | |
| 54 | **Б.З.Л. Сочиненэ «Гъащ1эр зи тыгъэ ди адэ-анэ…»** | | |
| **Тыуаршы Аслъэн** | | | |
| 55 | **Тыуаршы Аслъэн** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | | |
| 56 | «Нобэ е зэик1» романным и темэр, идеер | | |
| 57 | Романым хэт образхэр, зэрытха бзэр. | | |
| **Балъкъэр Фоусэт** | | | |
| 58 | **Балъкъэр Фоусэт** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. Балъкъэр Фоусэт и лирикэр. Усэ гук1э | | |
| **Кхъуэхъу Цуцэ** | | | |
| 59 | **Кхъуэхъу Цуцэ** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | | |
| 60 | «Уасэ» рассказыр | | |
| 61 | «К1асэу щ1егъуэжащ» повестыр | | |
| 62 | «К1асэу щ1егъуэжащ» повестым щыщ пычыгъуэ гук1э. | | |
| **Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр** | | | |
| 63 | **Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | | |
| 64 | «Гур зыщ1эхъуэпсыр» повестыр | | |
| 65 | «Гур зыщ1эхъуэпсыр» повестым и темэр, идеер. | | |
| 66 | Повестым хэт образхэр. Зэрытха бзэр | | |
| 67 | Классым щ1эмысу зэджамк1э къызэрапщытэж урок | | |
| 68 | Къэпщытэжыныгъэ | | |

**Календарно – тематическое планирование 11 класс**
**Учебное пособие: Балова Л.Ф. Тимижев Х.Т. «Кабардинская литература»**
**Недельнаянагрузка**-2 ч.**Годовая учебная нагрузка**–70 ч.

| **№ п/п** | **Темэхэр** | **Сыхьэт бжыгъэр** | **Щек1 уэк1 ынур** |
|---|---|---|---|
| 1 | Хэзыгъэгъуазэ. Нало Заур и творчествэр. | 1 | |
| 2 | «Щ1ымахуэ», «Ягуэшынкъым тхыдэр дэлэн 1упщ1эу», «Гугъэ», «Щ1ыхумрэ Тхьэмрэ», «Илъэхъауэ мэзыжь щхьэк1эм» усэхэм къыщы1уэта гупсысэхэр | 1 | |
| 3 | «Кърузакъуэ», «Мусэрэ Мусэ и дыдымрэ» новеллэхэр зытеухуар. | 1 | |
| 4 | «Т1ыт1у и дыгъэ шыщ1э», «Хьэбалэ и пхъэ гуащэр», «Исмел и бригантинэ ныкъуэщ1ыр» новеллэхэр зытеухуар. | 1 | |
| 5 | Ноло З.М. «Урыху 1убыгъуэ» усэ тхылъыр. | 1 | |
| 6 | Литературэм и теорие. Прозэм и жанр ц1ык1ухэр. Эссе. | 1 | |
| 7 | «Азэмэт», «Къоджэм уигъэжейркъым» дилогием лъабжьэ хуэхъуар | 1 | |
| 8 | Адыгагъэм, ныбжьэгъугъэм, пэжыгъэм романым щаубыд увып1эр. | 1 | |
| 9 | «Къоджэм уигъэжейркъым» романым и ухуэк1эр.Литературэм и теорие. Диалог, монолог, и щхьэм хужы1эныгъэ. | 1 | |
| 10 | «Гъатхэ губгъуэм», «Усак1уэм и мурад нэхъыщхьэр», «Лъахэ уэрэд», Си адэм и фэеплъу» усэхэм ящ1элъ гупсысэр, гъэпсык1э я1эр. | 1 | |
| 11 | Лирикэ л1ыхъужьым и образыр «Щхьэусыгъуэншэ гуф1эгъуэ», «Гъатхэмрэ хъыджэбзымрэ», «Адыгэ къафэ», «Къызжа1эр хъуркъым сэ си ф1эщ» усэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. | 1 | |
| 12 | «Дыщэбжьэхэр» «Гъэрэ щ1ырэ» «Лъыхъуэ уи насыпым» усэхэр зытеухуар, гупсысэ щ1элъхэр. | 1 | |
| 13 | **Тхьэгъэзит Зубер и творчествэм ехьэл1а сочиненэм хуэгъэхьэзырын.** | 1 | |
| 14 | **Сочиненэр ятхын.** | 1 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 15 | Маф1эдз С. и тхыдэ романхэр. «Мыщэ лъэбжьанэ» романыр. | 1 | |
| 16 | «Мыщэ лъэбжьанэ» романым и ухуэк1эр, сюжетым и зыужьык1эр. | 1 | |
| 17 | Романым хэт персонажхэр зыхуэдэр. Литературэм и теорие. Тхыдэ роман, роман-эпопее. | 1 | |
| 18 | «Къурш ажэм и л1эк1э», «Щымы1эж мэз» усэ-балладэхэр. | 1 | |
| 19 | «Лъагъуныгъэм и къарур» хъыбарыр зытеухуамрэ гупсысэ щ1элъымрэ. | 1 | |
| 20 | «Щ1алэгъуэ», «Гугъэ» усэхэр. | 1 | |
| 21 | «Мы дунеишхуэм и дахагъым…» усэм и гупсысэ нэхъыщхьэр. | 1 | |
| 22 | «Щыуагъэ» романым темэ нэхъыщхьэ хуэхъуар. | 1 | |
| 23 | Мыващ1э Хьэжбатыр и образыр романым къызэрыхэщыжыр. | 1 | |
| 24 | Елгъэр К.М. «Щыуагъэ» романыр. | 1 | |
| 25 | Журт Б. и рассказхэр. «Мэрэмэжьей». Темэр, гупсысэ нэхъыщхьэр. | 1 | |
| 26 | «Унагъуэ» романыр зытеухуар. | 1 | |
| 27 | Романым хэт образ нэхъыщхьэхэр. | 1 | |
| 28 | Хьэх С. Хь. и прозэр. «Шамсир», «Пшапэ бзыгъэ» рассказхэр. | 1 | |
| 29 | «Си хъуреягък1э» циклым хыхьэ тхыгъэ к1эщ1хэр. | 1 | |
| 30 | Литературэм и теорие. Ц1ыхум и дуней лъагъук1эмрэ тхак1уэм и 1уэху еплъык1эмрэ. | 1 | |
| 31 | «Тхыдэ-л1ыжь кхъахэр уанэтемыхщи…», «Хьэдрыхэ напэлъагъу щы1эжкъым», «Вагъубэ жэщыр налкъут нэхуп1э…» сонетхэм я темэр. | 1 | |
| 32 | 1ут1ыж Борис и лъагъуныгъэ лирикэр. (Любовная лирика Бориса Утижева) | 1 | |
| 33 | «Тыргъэтауэ» пьесэр зытеухуа къэхъугъэхэр. | 1 | |
| 34 | Персонаж нэхъыщхьэхэм я образхэр | 1 | |
| 35 | 1ут1ыж Б. Къу. «Нартхэ я дыгъэ», «Кхъужьеибэ» пьесэхэр. | 1 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 36 | Литературэм и теорие. Драмэ лэжьыгъэ л1эужьыгъуэхэр. | 1 | |
| 37 | Мэзыхьэ Б. и рассказхэмрэ новеллэхэмрэ. | 1 | |
| 38 | «Бжьыхьэр пщ1ащэ пылъэлъыжыгъуэщ» повестыр зытеухуар. Образ нэхъыщхьэхэр. | 1 | |
| 39 | Литературэм и теорие. Лирикэ л1ыхъужьым, образхэм я гъэпсык1эр. | 1 | |
| 40 | **«Зауэм л1ыгъэ щызезыхьар лъэпкъым и напэщ» темэр ди адыгэ литературэм къызэрыхэщыжыр. Сочиненэм хуэгъэхьэзырын.** | 1 | |
| 41 | **Сочиненэр ятхын.** | 1 | |
| 42 | «Лъэ1у», «Адэжь щ1ыналъэм» усэхэр зытеухуа 1уэхугъуэ нэхъыщхьэр. | 1 | |
| 43 | «Лабэ пхъэхуейхэр», «К1элъе1эу тхыдэм», «Пщэдджыжь дыгъэ» усэхэм ящ1элъ гупсысэхэр. | 1 | |
| 44 | Зэгъэпщэныгъэ гъэщ1эгъуэнхэр усак1уэм къызэригъэсэбэпыр<br>Литературэм и теорие. Тхак1уэм и гупсысэмрэ ар къызэригъэлъагъуэ щ1ык1эмрэ. Езым къигупсысауэ, щымы1ауэ 1уэхум къыхишэхэр. Фантастикэр. | 1 | |
| 45 | Бещтокъуэ Хьэбаси усэхэм адыгэ хэкум и образыр къызэрыщыгъэлъэгъуар. | 1 | |
| 46 | Анэм и образыр Бещтокъуэм и лирикэм къызэрыхэщыр. | 1 | |
| 47 | «Си дахэк1ей», «Изолъхьэ сигу сынэмык1уэну…», «Епэрхэр» усэхэр. | 1 | |
| 48 | «Мывэ лъэхъэнэ» романыр зытеухуар, хэт л1ыхъужь нэхъыщхьэр. | 1 | |
| 49 | **Бещтокъуэ Хьэбас и творчествэм ехьэл1а сочиненэм хуэгъэхьэзырын.** | 1 | |
| 50 | **Сочиненэ тхын.** | 1 | |
| 51 | «Анэр нэм хуэдэщ» пьесэр. | 1 | |
| 52 | Драмэм хэт ц1ыхубз образхэр. | 1 | |
| 53 | Шинкубэ Б.Къу. «Жылак1э» романыр. | 1 | |
| 54 | «Сэ къэзгъэк1ыжыр къым мэш» ,«К1уэц1рык1ыбжэ», «Сурэт», «Нэф», «Къосыр уэс» усэхэм къыхэщыж мотив нэхъыщхьэхэр. | 1 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 55 | Бицу Анатолэ и псалъэхэр зыщ1элъ уэрэдхэр. Литературэм и теорие. Усэм щ1эт макъамэр езыгъэф1ак1уэ 1эмалхэр. | 1 | |
| 56 | Бзэм, Хэкум, анэм ц1ыхум хуи1э лъагъуныгъэр Бемырзэ Мухьэдин и усэхэм къызэрыхэщыжыр. | 1 | |
| 57 | Хэхэс адыгэхэм я гъащ1э мытыншыр «Псыхэгъэ» усэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. | 1 | |
| 58 | «Адыгэ пщащэ», «Къагъэушащ адакъэхэм пщэдджыжьым», «Къру макъ» усэхэр зытеухуар. Литерат. и теорие. Усэ гъэпсык1э л1эужьыгъуэхэр. | 1 | |
| 59 | Сонэ А.Къ. «1эгу- махуэ 1эщ1- жэщ» усэ тхылъыр. | 1 | |
| 60 | «Гъэр зи к1ыхьагъыр» усэ гупыр. | 1 | |
| 61 | Ацкъэн Руслан и новеллэхэмрэ и тэрмэш лэжьыгъэмрэ. Литерат. и теорие Психологизмэр. Ц1ыхубэм еиныгъэр. Тхыдэр. | 1 | |
| 62 | «Ди кхъухьыр», «Дунеишхуэ, умы1эуэлъауэ», «Хуейщ дыгъэр бзийк1э гуэшэну» усэхэм зауэмрэ мамырыгъэмрэ къызэрыхэщыжыр. | 1 | |
| 63 | Мыкъуэжь А. и «Согъэщ1агъуэ», «Гъэщ1эгъуэныщэкъэ», «Егъэлеяуэ мы щ1ылъэм…», нэгъуэщ1 усэхэри зытеухуар, гупсысэ щ1элъыр. | 1 | |
| 64 | Мыкъуэжь Анатолэ и поэзием адыгэ бзылъхугъэм и образым щиубыд увып1эр. | 1 | |
| 65 | Иджырей адыгэ литературэ (1991-2010 гъэхэр). | 1 | |
| 66 | Иджырей адыгэ литературэ (1991-2010 гъэхэр). | 1 | |
| 67 | Гъэ псом яджар къегъэпщытэжын. | 1 | |
| 68 | Гъэ псом яджар къегъэпщытэжын. | 1 | |